bu kenn jëmale mbokkam ngànaay, ndax xamul ne Saytaane man naa bif loxoom, mu tàbbi ci kàmbu sawara

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "bu kenn jëmale mbokkam ngànaay, ndax xamul ne Saytaane man naa bif loxoom, mu tàbbi ci kàmbu sawara".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc moytandikuloo na jullit bi di joxañ mbokku jullitam ci benn xeetu ngànnaay, ndaxte xamul man naa am Saytaane yóbbe ko ci yëngal ngànnaay li ci loxoom, mu ray mbokkam mi walla mu lor ko, bu ko defee mu tàbbi ci ag moy guy waral ci moom mu tàbbi ci paxu sawara.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/66246